

DIREKTIV POU KOMITE KONSILTATIF PARAN EDIKASYON ESPESYAL

Mas 2010

Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906
Telefòn 781-338-3000 TTY: N.E.T. Relay 800-439-2370
www.doe.mass.edu

© 2010 Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts
*Nou bay pèmisyon pou fè kopi nenpòt oswa tout pati dokiman sa a pou rezon edikasyonèl ki pa komèsyal. Tanpri ba
"Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education" kredi.*

Remèsiman

Biwo Planifikasyon Edikasyon Espesyal ak Devlopman Règleman ki nan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts vle di mèsì pou kokennchenn kontribisyon paran, prezidan PAC, administratè edikasyon espesyal, manm komite lekòl, enspektè lekòl yo ak reprezantan òganizasyon ki konsène nan domèn edikasyon espesyal pandan plizyè ane. Dokiman fòmasyon sa a t ap devlope depi kèk tan, epitou kontribisyon anpil moun ki genyen diferan lide te enpòtan pou idantifye tèm santral ki souliye nan dokiman fòmasyon sa a.

Fòmasyon PAC sa a diskite sou divès kalite sijè ki konsène PCA yo – depi egzaminasyon objektif santral la pou rive nan idantifikasyon karakteristik ak pratik ki ede fè PAC yo gen plis siksè. Yon direktiv prensipal enpòtan nou swete lektè yo resevwa nan direktiv sa yo sèke *pou PAC yo kapab pi efikas nan amelyorasyon edikasyon espesyal nan distri a, dwe genyen yon kolaborasyon serye ant PAC la ak komite dirijan distri lekòl la.*

TABMATYÈ

DIREKTIV POU KOMITE KONSILTATIF PARAN EDIKASYON ESPESYAL	1
Remèsiman.....	2
ENTWODIKSYON.....	1
Kisa Nouvo Dokiman Direktiv Sa a Ofri?	1
I. EGZIJANS POU PAC YO NAN LWA MASSACHUSETTS	2
A. Egzijans nan Lwa Jeneral ak Règleman Leta	2
B. Lòt Egzijans	4
II. ELEMAN ENPÒTAN POU FONKSYONE YON PAC KI EFIKAS.....	6
A. Kolaborasyon Efikas avèk Kominote Lekòl la	6
B. Kolaborasyon avèk Pati Enpòtan yo nan Distri Lekòl la	6
C. Etap ki Rekòmande Pou Òganize yon PAC Efikas	7
III. AKTIVITE PAC: EKSPLWATASYON FÒS NAN KOLABORASYON PARAN-LEKÒL ...	9
A. Fason pou Ankouraje Patisipasyon Paran yo	9
B. Fason pou Fè PAC Vizib: Asistans.....	10
C. Patisipasyon nan Planifikasyon, Devlopman, ak Evalyasyon Pwogram Edikasyon Espesyal lè li Abòde Priyorite Enpòtan Paran yo	10
D. Fason pou Kominike avèk Paran ki pa Pale Lang Angle	12
E. Fason pou Ede Distri a nan Òganize Fòmasyon Anyèl ki Nesesè	12
IV. APANDIS.....	14
Apandis A: Glosè Tèm yo.....	14
Apandis B: Kesyon Yo Poze Souvan	15
Apandis C: Lis Sit Wèb ki Gen pou Wè ak PAC yo ak Patisipasyon Paran yo.....	17

ENTWODIKSYON

Dokiman direktiv sa a deziyen pou ede Komite Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal (PAC) yo ki nan Massachusetts pou ranpli misyon yo ak devwa yo— jan sa defini nan lwa ak règleman leta. An patikilye, objektif dokiman direktiv sa a se pou asire chak PAC k ap fonksyone nan leta konprann aklè kapasite ak posiblite PAC yo genyen pou kolabore avèk kominote lekòl la pou enfliyanse pwogram edikasyon espesyal yo ak règleman ki nan distri lekòl yo nan fason ki serye ak enpòtan.

Pandan plis pase de (2) dekad (peryòd dizan), paran timoun andikape ki nan Massachusetts te bay kontribisyon enpòtan yo pou amelyore edikasyon pitit yo nan PAC yo. Depi ane 1986, lwa eta Massachusetts, te egzije tout distri lekòl leta yo pou yo kite yon Komite Konsiltatif Paran lib pou tout paran elèv yo idantifye kòm elèv ki kalifye pou edikasyon espesyal ak lòt pati ki enterese yo tou. Nou ofri direktiv sa yo pou PAC yo pou chak ak tout PAC kapab jwenn ak konnen sa lwa a otorize yo pou yo fè.

Kisa Nouvo Dokiman Direktiv Sa a Ofri?

- yon deskripsyon klè ak kout sou egzijans debaz ki aplike pou PAC yo;
- eleman enpòtan pou abòde nan satisfè egzijans sa yo; epitou
- kèk chwa pou pratik, aktivite, ak resous ki ta kapab ede yon PAC nan fè kontribisyon pozitif pou edikasyon espesyal ki nan kominote yo.

I. EGZIYANS POU PAC YO NAN LWA MASSACHUSETTS

A. Egzijans nan Lwa Jeneral ak Règleman Leta

Komite konsiltatif paran edikasyon espesyal (PAC) yo genyen gwo posiblite pou genyen yon enpak pozitif sou pwogram edikasyon espesyal ki nan yon distri lekòl. PAC yo kapab ofri aktivite ki trè enpòtan pou paran yo, epitou yo kapab ajoute yon vwa enpòtan nan dyalòg ak nan desizyon yon distri lekòl.

Premyèman, pou kontèks la, li enpòtan pou konprann dènye istwa lwa ki konsène edikasyon espesyal. Te genyen anpil chanjman depi nan premye jou Chapit 766¹, lejislasyon 1972 sou edikasyon espesyal, epitou li enpòtan pou revize chanjman ki nan lwa leta ak lwa federal yo pou vin jwenn kontèks ak lide.

Dezyèmman, li enpòtan pou konprann kontèks kote lwa ak règleman yo fonksyone ansanm. Pa egzanp, nan Massachusetts, Lejislati Eta a vote lwa oswa lwa jeneral leta, epi answit, ajans leta yo responsab pou devlope règleman k ap ede tout moun nan egzekite lwa a. Nan ka sa a, Lejislati a te adopte lwa a, epi answit Konsèy Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts te pibliye règleman ki vini ak lwa a.

Lwa Jeneral Leta

Lwa Massachusetts sou edikasyon espesyal, [Chapit 71B](#)² Lwa Jeneral, egziye yon distri lekòl pou kreye yon PAC, epi pou mete yon fonksyon konsiltasyon ak yon fonksyon patisipasyon nan PAC a.

Sa ki anba la a se yon pòsyon nan Seksyon 3 Chapit 71B ki konsène PAC yo:

".... Komite lekòl nenpòt vil, vilaj, oswa distri lekòl dwe kreye yon komite konsiltatif paran nan edikasyon espesyal. Yo dwe ofri tout paran timoun andikape yo ak lòt pati enterese yo mwayen pou yon vin manm. Men responsablite komite konsiltatif paran an dwe genyen, men se pa sa sèlman: ofri konsèy pou komite lekòl la sou zafè ki konsène edikasyon ak sekirite elèv andikape yo; reyini regilyèman avèk responsab lekòl yo pou patisipe nan planifikasyon, devlopman, ak evalyasyon pwogram edikasyon espesyal komite lekòl la. Komite konsiltatif paran an dwe kreye règleman entèn konsènan fonksyonè yo ak pwosedi fonksyonman. Nan pwosesis responsablite li dapre seksyon sa a, komite konsiltatif paran an dwe resevwa asistans komite lekòl la san okenn frè pou peye, depi genyen avi rezonab sou sa, epitou dwe genyen anplwaye ak resous ki disponib pou bay asistans lan. ..."

¹ Chapit 766 – Lwa 1972 Massachusetts (ki rele 71B tou) ki bay garanti pou tout timoun jwenn edikasyon piblik gratis ak apwopriye nan anviwònman ki gen pi piti restriksyon an.

² Chapit 71B – Lwa Massachusetts sou edikasyon espesyal, ki rele Chapit 766 tou, <http://www.mass.gov/legis/laws/mgl/gl-71b-toc.htm>

Règleman Leta

Genyen yon règleman leta akonpayman ki repete langaj lwa jeneral la. ([Al gade 603 CMR 28.07\(4\).](#))

Answit, [603 CMR 28.03\(1\)\(a\)\(4\)](#) bay direktiv pou PCA yo sou wòl yo nan distri yo nan ofri paran/gadyen legal yo ak elèv yo fòmasyon sou dwa yo, konsa:

Distri a dwe fè, nan tèt ansanm avèk komite konsiltatif paran an, omwen yon sesyon enfòmasyon chak ane nan distri lekòl la sou dwa elèv yo ak paran yo ak gadyen legal yo dapre lwa leta ak lwa federal sou edikasyon espesyal.

Dokiman direktiv sa a deziyen pou ede mete egzijans sa yo nan kontèks anpil ak divès kalite distri lekòl.

Ansanm, lwa jeneral la ak règleman an egzije sitou sa ki annapre yo:

- Distri dwe fè kèlkeswa etap ki nesèsè pou asire genyen yon komite konsiltatif paran edikasyon espesyal (PAC) onivo distri a k ap fonksyone.
- PAC la dwe ofri mwayen pou vin manm pou tout paran elèv yo jwenn ki kalifye pou edikasyon espesyal nan distri a. Li dwe ofri mwayen pou lòt pati enterese yo vin manm tou.
- PAC genyen otorizasyon pou bay konsèy pou distri a konsènan pwogram ak règleman edikasyon espesyal li. Konsèy yo kapab genyen ladan rekòmandasyon – vèbal (nan bouch) ak/oswa alekri – pou pati ki nan distri a ki responsab pou sipèvizè edikasyon espesyal la, tankou direktè edikasyon espesyal, enspektè a ak komite lekòl la.
- Answit, PAC genyen otorizasyon pou reyini nan entèval regilye avèk responsab yo deziyen nan lekòl la epitou pou angaje nan lòt aktivite ki pèmèt PAC patisipe nan planifikasyon, devlopman, ak evalyasyon distri pwogram edikasyon espesyal la.
- PAC genyen otorite pou kreye règleman entèn yo, oswa règ, pou ede gouvènè responsablite li yo, tankou règ pou eleksyon fonksyonè yo. Règleman entèn yo kapab deziyen pwosedi fonksyonman oswa règleman espesifik ak etap pou swiv nan òganizasyon aktivite pou PAC.
- Distri lekòl yo responsab pou ede PAC nan antretyen fonksyonman ak aktivite li yo. Yo dwe bay asistans pou distri lekòl la gratis, epitou pou yo asistans lan, dwe genyen anplwaye ak resous ki disponib. Lwa a prevwa ap genyen yon efò serye distri lekòl ap fè pou ofri asistans pou PAC. Yon PAC kapab òganize aktivite ranmasaj lan, men li pa genyen obligasyon pou fè sa. Si yon PAC ap òganize yon aktivite ranmasaj lajan, li dwe genyen de (2) kategori lajan:
 - **LAJAN PIBLIK:** Paske yon PAC se yon enstitisyon piblik yon komite lekòl kreye, nenpòt lajan PAC ranmase oswa nenpòt kontribisyon PAC resevwa fèt pou konfòm avèk lwa ki gouvènè sibvansyon oswa kado pou komite lekòl la. (M.G.L. chapit 44, seksyon 53A ak chapit 71, seksyon 37A). Sa vle di lajan PAC ranmase a dwe depoze nan biwo trezorye minisipal la, konsève nan yon kont apa, epi vin fè pati Rapò Elèv ak Rapò Finansye Fen Egzèsis distri a.
 - **LAJAN PRIVE:** Kèk oswa tout manm yon PAC kapab fòme yon òganizasyon prive separe oswa prive (pa egzanp, "Friends of PAC) oswa travay nan estrikti yon òganizasyon prive ki egziste pou ranmase lajan pou sipòte wòl PAC kòm yon

antite konsiltatif pou komite lekòl la. Men, lajan antite sa a ranmase dwe ranmase nan non òganizasyon prive a, epi pa nan non PAC. Answit, responsablite pou lajan ki ranmase an prive a se pou fonksyonè òganizasyon prive a, ki oblije respekte lwa leta ak lwa federal ki gouvènè aktivite ranmasaj lajan moun ak gwoup prive yo òganize. Yon komite lekòl la pa genyen wòl sipèvizyon sou lajan yo ranmase an prive a pou sipòte aktivite ki asosye avèk edikasyon, epitou pa genyen okenn restriksyon sou itilizasyon lajan yo anplis lwa leta ak lwa federal sou aktivite ranmasaj lajan.

Nan tèt ansanm avèk PAC, yon distri genyen obligasyon pou òganize omwen yon sesyon enfòmasyon chak ane nan distri a sou dwa paran/gadyen legal yo ak elèv ki nan edikasyon espesyal. Chak distri te resevwa enfòmasyon sou fòmasyon ki dwe fè pati sesyon enfòmasyon yo. Men, kèk distri angaje oratè oswa yo te kreye pwòp fòmasyon yo ki entwodui enfòmasyon obligatwa sou dwa paran/gadyen legal ki nan pwosesis edikasyon espesyal la. Distri yo kapab ajoute lòt sijè pou fòmasyon an, men yo dwe bay omwen fòmasyon sa a chak ane.

B. Lòt Egzijans

Genyen lòt lwa ak règleman Massachusetts ki genyen afekte PCA yo dirèkteman, menm si yo pa gen pou wè dirèkteman ak PAC yo-senpleman paske yo afekte anpil antite gouvènman an.

Pa egzanp, egzijans [Lwa sou Reyinyon Lib](#)³ leta anvigè pou reyinyon PAC yo paske yo konsidere PAC kòm yon komite konsiltatif pou komite lekòl la, ki se yon antite gouvènman. Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (ESE) Massachusetts ak Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts te konkli PAC yo dwe respekte Lwa sou Reyinyon Lib la.

Paske PAC yo dwe konfòme yo avèk Lwa pou Reyinyon Lib la, yo genyen obligasyon pou afiche yon avi konsènan yon reyinyon ki pral fèt, pou pèmèt manm ki enterese nan piblik la patisipe nan reyinyon an, epitou pou konsève kontrandi reyinyon yo pou yo kapab konfòme yo avèk [Lwa sou Dosye Piblik](#). Answit, PAC kapab kreye gid pou prezans manm ki pa nan PAC, pa egzanp, deziyasyon lè espesifik pou patisipasyon oswa pou enterè yo nan reyinyon an.

Pami lòt egzijans oswa divizyon legal lwa, règleman, oswa règ ki konsène PAC yo, genyen:

Komisyon Etik Leta te detèmine manm PAC yo– kòm konseye volontè pou distri lekòl la– pa konsidere kòm anplwaye minisipalite, jan sa defini nan lwa sou konfli enterè.

Yon distri lekòl genyen obligasyon pou montre li te kreye yon PAC depi ESE fè demann lan. Answit, yo rekòmandasyon nan [Sistèm Rezolisyon Pwoblèm](#)⁴ ESE kapab anvigè si yon

³ Lwa sou Reyinyon Lib – Lwa Massachusetts ki egzije pou yo anonse reyinyon tout antite gouvènman yo 48 èdtan davans, pou yo note reyinyon yo nan kontrandi, epitou pou reyinyon yo lib pou piblik la, http://www.mass.gov/?pageID=cagoterminal&L=2&L0=Home&L1=Government&sid=Cago&b=terminalcontent&f=government_open_meeting_law&csid=Cago

⁴ Sistèm Rezolisyon Pwoblèm – Sistèm Rezolisyon Massachusetts kontwole si distri lekòl lokal yo konfòm avèk egzijans edikasyon an, <http://www.doe.mass.edu/pqa/prs>

distri pa t kreye yon PAC. Answit, lè inite [Asirans Kalite Pwogram \(POA\)](#)⁵ ESE ap fè yon [Revizyon Kouwòdone Pwogram \(CPR\)](#)⁶ pou kontwole ak revize si yon distri lekòl konfòme li avèk règleman edikasyon an, li tcheke pou konfime si yon PAC ap fonksyone. Si yo pa t kreye yon PAC, ESE ap egzije distri a pou kreye yon PAC epitou li kapab egzije pou distri a pran lòt mezi korektif, si sa nesèsè.

Paske PAC genyen yon responsablite distri a, distri a genyen otorite pou deziyen PAC li sipòte a epitou distri a pa genyen obligasyon pou sipòte lòt gwoup para yo. Yon distri pa kapab kraze PAC ki kreye a.

Menm jan pou pwogram edikasyon espesyal lajounen, piblik oswa prive, ak pwogram edikasyon espesyal rezidansyèl, ki genyen ladan pwogram nan lokal apa ki sou responsablite moun k ap kolabore nan edikasyon, 603 CMR 18.05(4) abòde patisipasyon paran yo dapre "[Règleman ak Pwosedi ki Obligatwa](#)". Nan anviwònman sa yo, lekòl yo genyen yon plan ekri pou ankouraje patisipasyon paran yo, epitou yo genyen yon Gwoup Konsiltatif Paran. Gwoup Konsiltatif Paran an pa egzakteman menm ak yon PAC epitou li genyen otorizasyon pou bay konsèy pou lekòl la sou zafè ki konsène edikasyon, sante, ak sekirite elèv ki nan pwogram nan.

Paran elèv nan plasman ki pa nan distri a oswa kolaboratè yo kapab antre nan PAC distri rezidans lan ak nan yon Gwoup Konsiltatif Paran nan plasman pitit yo ki pa nan distri a, si yo vle.

^{5 6} Revizyon Kouwòdone Pwogram (CPR) – Depatman an itilize Revizyon Kouwòdone Pwogram (CPR) pou fè yon sipèvizyon pou konnen si distri eskolè lokal yo konfòme yo evèk egzijans edikasyon an. Chak distri lekòl ak lekòl endepandan leta apwouve nan Massachusetts pwogram pou resevwa yon CPR chak sis (6) ane ak yon vizit swivi edikasyon espesyal nan mitan sik la twazan apre CPR la, <http://www.doe.mass.edu/pqa/review/cpr/>

⁶ Revizyon Kouwòdone Pwogram (CPR) – Depatman an itilize Revizyon Kouwòdone Pwogram (CPR) pou fè yon sipèvizyon pou konnen si distri eskolè lokal yo konfòme yo evèk egzijans edikasyon an. Chak distri lekòl ak lekòl endepandan leta apwouve nan Massachusetts pwogram pou resevwa yon CPR chak sis (6) ane ak yon vizit swivi edikasyon espesyal nan mitan sik la twazan apre CPR la, <http://www.doe.mass.edu/pqa/review/cpr/>

II. ELEMEN ENPOTAN POU FONKSYONE YON PAC KI EFIKAS

A. Kolaborasyon Efikas avèk Kominote Lekòl la

Idantifikasyon Pati ki Genyen Enterè Komen

PAC yo se pati entegral pi gwo kominote lekòl la. Li enpòtan pou yo enfòme manm kominote lekòl la sou objektif, enpòtans, ak fonksyon PAC yo pou yo kapab jwenn sipò pou aktivite PAC epitou pou yo fè ak sipòte efò yo nan tèt ansanm.

Lè PAC yo ak lekòl yo travay nan tèt ansanm, yo kapab kreye yon anviwònman lekòl ki pi dinamik. Si PAC decide fè efò nan tèt ansanm, li enpòtan pou sonje efò nan tèt ansanm ki gen siksè sòti nan objektif komen, epitou kalite efò sa yo antreteni nan kominikasyon serye ak rezilta pozitif.

B. Kolaborasyon avèk Pati Enpòtan yo nan Distri Lekòl la

Yon PAC genyen responsablite pou “avèti” komite lekòl la sou edikasyon espesyal. Nan yon pwendvi pratik, administratè edikasyon espesyal se moun ki enpòtan pou devlopman yon kominikasyon efikas avèk PAC la. Men, lòt lidè ki nan distri a kapab se lidè ki bon patnè kolaborasyon tou.

Kominikasyon avèk Administratè Edikasyon Espesyal

Yon bon relasyon ant yon PAC ak yon administratè edikasyon espesyal ap nan avantaj toulède pati yo. Lè yon administratè edikasyon espesyal ak yon PAC kominike youn ak lòt konsènan enkyetid ak kesyon yo, yo chak kapab jwenn avantaj lè yo chèche konnen sa k ap pase anvan alapas apre, sa k ap pèmèt youn pran mezi dinamik pou lòt, lè sa posib. Yon PAC kapab pa anvizaje esponsorize yon evènman “Rankontre Administratè Edikasyon Espesyal” nan sezon lotòn avèk youn oswa plis opòtinite swivi pandan you ane akademik lan.

Kominikasyon avèk Enspektè a ak Komite Lekòl la

Li nan enterè PAC la pou konprann kijan distri a òganize ak relasyon pwogram edikasyon espesyal avèk pwogram edikasyon jeneral distri a. Li kapab itil pou kominike chak peryòd avèk enspektè ak administratè edikasyon espesyal la. Moun sa yo kapab bay èd tou nan detèmine kijan pou kominike enkyetid oswa mezi yo pou komite lekòl la. ESE rekòmande pou PAC yo devlope pwosedi ki sòti nan dènye rapò anyèl sou sitiyasyon an alekri pou Enspektè a divilge ba komite lekòl la.

Kominikasyon avèk komite lekòl yo, PTO yo ak kominote a anjeneral

Yon PAC ap vin pi byen koni epitou l ap devlope plis enfliyans si li “konekte nan” òganizasyon yo ak “enfrastrikti” distri lekòl la. Sa vle di non sèlman li dwe kominike avèk responsab lekòl yo, men tou li dwe kominike avèk òganizasyon yo- tankou divès komite lekòl ki nan yon distri ak lòt òganizasyon paran-pwofesè. Si yon PAC vle jwe yon wòl nan

yon lòt komite lekòl oswa nan nenpòt òganizasyon paran-pwofesè ki afilye avèk yon lekòl patikilye, souvan prezidan PAC la oswa manm yo ki nan PAC la dwe pran inisyativ la ak eksprime enterè yo nan patisipasyon an. Depi sa rive, chans pou reprezantasyon PAC yo nan zafè ki onivo lekòl la kapab ogmante.

Menm prensip la aplike pou kominikasyon yon PAC avèk òganizasyon paran-pwofesè, lòt gwoup lekòl, ak kominote a anjeneral. Tank yon PAC kapab kreye plis relasyon avèk kominote a, tank PAC ap anmezi pou fè koneksyon sou non amelyorasyon chwa edikasyon espesyal distri a.

Souvan, yon PAC kapab jwenn avantaj lè li jwe wòl “lyezon” ant elèv edikasyon espesyal yo ak lòt gwoup kominote lekòl la. Souvan, yon PAC kapab ede edike lòt paran yo ak kominote a anjeneral sou sa edikasyon espesyal ye – ak sou sa li pa ye – anplis èd l ap bay pou edike moun andikape yo.

C. Etap ki Rekòmande Pou Òganize yon PAC Efikas

1) Prepare yon bouyon Deskripsyon Misyon, pito avèk patisipasyon kantite manm PAC ki posib. Avèk estrikti jeneral travay PA ki defini selon règleman an, kontni Deskripsyon Misyon an ta dwe genyen ladan sa manm yo kwè ki pi enpòtan pou yo – nan fonksyon konsiltasyon yo ak nan fonksyon patisipasyon yo – pou edikasyon espesyal ki nan distri yo.

2) Kreye règleman entèn ki defini règleman ak pwosedi yo, tankou:

- metòd pou chwazi fonksyonè yo;
- responsablite ak manda fonksyonè yo;
- fason yo dwe fè reyinyon yo (pa egzanp, *selon Règ Pwosedi Robert*);
- règ ak responsablite bidjetè ak finansye;
- règ pou ranmase lajan pou PAC ak pou itilize lajan an pou aktivite PAC;
- fason PAC ap reyini souvan; epi,
- kote PAC ap reyini.

3) Fikse ak afiche pwogram reyinyon PAC yo regilyèman. Kreye yon kalandriye reyinyon ak aktivite PAC pou pwochen ane ki genyen ladan dat, lè, ak kote. Answit, PAC kapab divilge kalandriye a ba nenpòt moun ki ka vin manm PAC, administratè edikasyon espesyal, ak tout pati enterese ki nan distri a. Si li posib, reyinyon PAC yo kapab fèt nan yon jou regilye, tankou “premye madi mwa a,” pou fè li fasil pou atire patisipan. Epitou, PAC ta dwe fè yo mete evènman pwograme li yo nan kalandriye prensipal distri lekòl la pou lòt moun ki nan sistèm lekòl la kapab wè yo.

4) Devlope yon bidjè anyèl pou PAC. Premyèman, anvan kòmansman yon nouvo ane akademik, lidè PAC yo ta dwe detèmine ki finansman, si genyen, distri lekòl la kapab epi ap bay pou ane a. Dezyèmman, PAC ta dwe deside ki lajan, si genyen, li kapab vle ranmase poukont li pou nenpòt objektif. Twazyèmman, PAC ta dwe fikse ak planifye bidjè li pou ane a selon lajan k ap disponib pou li pandan ane a.

5) Devlope yon sistèm pratik pou kominike sou PAC avèk paran elèv andikape yo epitou pou kominike avèk lòt gwoup enpòtan. Mwayen kominikasyon PAC se yon aspè enpòtan pou siksè yon PAC. Kidonk, nan kòmansman yon ane, lidè PAC yo ta dwe

anvizaje kijan y ap jere kominikasyon avèk divès oditwa, tankou, pa egzanp, fason pou chèche konnen si li posib pou fè mete atik fowòm sou PAC nan sit wèb distri lekòl la. Epitou, PAC ta dwe anvizaje kijan l ap kominike avèk lòt gwoup lekòl ak gwoup kominotè yo, ak fason kominikasyon ak entè-aksyon sa yo kapab ede nan fè misyon PAC vanse.

III. AKTIVITE PAC: EKSPLWATASYON FOS NAN KOLABORASYON PARAN-LEKOL

A. Fason pou Ankouraje Patisipasyon Paran yo

Nan anpil distri, toujou genyen pwoblèm pou atire yon gwoup paran ase enpòtan pou vin patisipe nan PAC. Souvan, yon se yon ti gwoup paran ki fòme nwayo PAC, epi lidè PAC yo pase yon bon pati nan tan yo ap eseye enfòmasyon paran yo pou fè yo patisipe nan komite nan nenpòt fason. Reyalyte a sèke non sèlman PAC yo ofri enfòmasyon, sipò, aktivite, ak resous pou nouvo paran manm ki antre ladan, men tou, tank gen plis paran ki vin manm tankou PAC gen posiblite pou genyen pi gwo enpak nan distri a. Men, si yon PAC ap sèvi yon ti kantite manm, senp egzistans li – ak opòtinite li ofri pou paran ki chwazi patisipe yo – enpòtan.

Paske IEP elèv yo konfidansyèl epi yon paske yon prezidan PAC pa kapab senpleman jwenn yon lis non elèv sa yo akòz konfidansyalite a, pafwa li ede jwenn aranjman avèk administratè edikasyon espesyal la pou kontakte fanmi yo. Pa egzanp, nan kèk distri, PAC yo anmezi pou fè mande pou administratè edikasyon espesyal la voye pa lapòs dokiman PAC pwodui yo – tankou bilten yo, oswa anons fòmasyon yo – ba tout fanmi elèv andikape yo. Nan lòt distri yo, yo distribiye enfòmasyon PAC ba fanmi yo nan reyinyon IEP yo. Lè PAC fè apwòch sa a, li kapab asire li enfòmasyon chak fanmi yon timoun andikape, pandan l ap pwoteje konfidansyalite tout elèv yo.

Pratik Posib pou Ankouraje Patisipasyon Paran yo

- Ofri nouvo paran yo, kèlkeswa lè li apwopriye, yon “Pake Byenveni” ki genyen ladan enfòmasyon preliminè, tankou yon lis bon resous yo.
- Asosye avèk kouwòdonatè preskolè distri a pou òganize yon “kafe” pou tout paran timoun lekòl matènèl ki nan distri a, pou bay yo enfòmasyon sou PAC ak enfòmasyon preliminè sou edikasyon espesyal anjeneral.
- Krete sou-komite PAC, lè li apwopriye, pou ankouraje paran yo abòde enkyetid espesifik yo te idantifye kòm priyorite. Sa ta ka non sèlman ogmante efikasite a, men tou sa ta kapab ede chak para konsantre sou domèn ki pi enterese yo.
- Pwodui yon “Tiliv Enfòmasyon pou Paran” nan tèt ansanm avèk distri a. Tiliv enfòmasyon sa a dwe genyen ladan enfòmasyon kontak ak resous ki asosye ak edikasyon espesyal ki itil pou paran yo. Anvizaje ajoute enfòmasyon sou lwazi, sipò, ak kan pou elèv andikape yo.

B. Fason pou Fè PAC Vizib: Asistans

Yon PAC kapab angaje nan asistans lè li itilize divès metòd. Youn nan posiblite yo se pran avantaj nan kominikasyon entèn oswa nan piblikasyon ki nan yon distri. Itilizasyon piblisite deyò distri a se yon lòt posiblite. Yon PAC kapab itilize jounal lokal oswa chenn televizyon pa kab pou fè anons reyinyon li yo oswa pou bay rapò sou aktivite li yo. Li kapab mande pou yo endike reyinyon li yo nan imèl ak bilten lekòl la, sou sit wèb yon lekòl, oswa nan yon sistèm anons nan telefòn. Li kapab kolabore avèk PTO yo ak lòt òganizasyon kominotè ak òganizasyon lekòl la pou esponsorize evènman trè enpòtan ki garanti yon gwo patisipasyon. Li kapab mande pou distribiye enfòmasyon yo sou Sware Back-to-School, epitou li kapab patisipe nan evènman kominote a tankou Town Day. Anpil PAC yo kreye sit wèb yo.

Enfòmasyon ajou, pozitif ak byen prezante konsènan PAC ak reyalizasyon li yo se enfòmasyon ki itil pou fè PAC toujou rete vizit, kidonk pou rive jwenn nouvo paran yo.

Kèk PAC te jwenn yon tiliv enfòmasyon kapab yon mwayen efikas pou eksplike objektif PAC, pou gaye pawòl la konsènan gwoup la, epitou pou rekrute nouvo manm yo. Anjeneral, tiliv yo genyen yon definisyon PAC, yon lis objektif li ak deskripsyon misyon li, enfòmasyon sou manm li yo, reyalizasyon li yo, epi non ak nimewo kontak.

C. Patisipasyon nan Planifikasyon, Devlopman, ak Evalyasyon Pwogram Edikasyon Espesyal lè li Abòde Priyorite Enpòtan Paran yo

Evalyasyon Bezwen yo

Yon prezidan PAC dwe ankouraje PAC pou aprann ki enkyetid primè ki pami paran elèv andikape ki nan kominote a. Anpil PAC fè fèk kalite "evalyasyon bezwen" pou idantifye pi gwo domèn bezwen.

Lè yo fè evalyasyon fòmèl ak enfòmèl bezwen yo, tankou nan ankèt nan entènèt oswa sou papye oswa gwoup enterè paran yo, sa a sèvi plizyè objektif. Premyèman, PAC kapab poze kesyon konsènan konesans egzistans PAC ak rezon ki fè yon moun antre nan PAC. Repons pou kesyon sa yo ap ede PAC yo defini estrateji rekritman yo. Pa egzanp, si paran yo pa patisipe paske reyinyon yo fèt pandan lajounen, yon PAC kapab anvizaje fè reyinyon okazyonèl leswa pou jwenn plis paran.

Dezyèmman, lè PAC egzamine rezilta yon evalyasyon bezwen, PAC kapab detèmine pi byen ki priyorite manm li yo kwè ki pi bon pou yo konsantre sou li pandan yon ane akademik patikilye.

Twazyèmman, enfòmasyon ki rasanble nan evalyasyon bezwen yo kapab itilize pou pran responsablite obligatwa PAC pou "patisipe nan planifikasyon, devlopman, ak evalyasyon pwogram edikasyon espesyal distri lekòl la." Done evalyasyon bezwen nan PAC kapab ede distri a ofri enfòmasyon enpòtan ak detaye pou leta kòm pati pwosesis Revizyon Pwogram Kouwòdone (CPR) ak Plan Pèfòmans Leta (SPP)⁷. Enfòmasyon sou pwoblèm, enkyetid, ak

⁷ SPP – Plan Pèfòmans Leta Massachusetts. Avèk 20 Endikatè pou mezire pwogrè, Biwo Federal Pwogram Edikasyon Nasyonal egzije pou chak eta pwodui plan pèfòmans anyèl yo ak rapò pèfòmans Guidance for Special Education Parent Advisory Councils (*printer friendly*)

bezwen paran yo, anplwaye yo, ak administratè yo ki gen pou wè avèk edikasyon espesyal kapab ede PAC ak distri a travay ansanm pou benefis elèv yo ak fanmi yo. Pa egzanp, PAC ta kapab kole zèpòl avèk distri a pou angaje oratè devlopman pwofesyonèl nan domèn enpòtan bezwen an.

Nan nenpòt sikonstans, li kapab itil pou eseye mete melanje enkyetid PAC avèk priyorite al enkyetid konsèy administrasyon lekòl yo, epitou avèk priyorite ak enkyetid distri lekòl la kòm yon ansanm. PAC ap bay avantaj paske li kreye tèt li poukont li kòm yon jwè familyal avèk yon lide byen prezante, plis pase prezantasyon tèt li poukont li kòm yon ti antite enkonni nan yon kwen izole sistèm lekòl la.

Fason pou Kreye Gwoup Segondè, tankou yon Gwoup Sipò pou Paran

Anpil fwa, kèk nan paran ki enterese nan patisipe nan yon reyinyon PAC genyen yon dezi pou pataje enkyetid ak santiman yo avèk lòt paran sou eksperyans yo ak travay di yo nan eseye jwenn pwogram edikasyon espesyal ki pi posib ki souplas pou pitit gason oswa pitit yo. Pafwa, youn oswa plizyè paran ta kapab vle jwenn tan pou diskite sou sitiyasyon pèsònèl yo. Alòske paran yo ap refere san dout nan pwòp eksperyans yo nan reyinyon PAC la, yon chwa pou bay yo yon posiblite pou fè tandè vwa ak enkyetid yo se kreye yon gwoup k ap reyini apa nan PAC–YON “Gwoup Sipò pou Paran”. Nan fason sa a, paran ki enterese nan sa kapab jwenn fason pou satisfè bezwen yo, alòske anmenmtan, reyinyon PAC kapab rete konsantre ase sou fonksyon konsiltatif prensipal li.

Nan kèk fason, pifò PAC yo ap eseye ofri enfòmasyon, resous, ak sipò pou paran timoun andikape yo, ak kominote jeneral la tou.

Fason pou Ede Paran yo Fè Kontribisyon Yo Kapab

Souvan, paran yo- sitou paran timoun andikape yo- jwenn li difisil pou kreye tan nan orè chaje yo pou patisipe nan tout reyinyon PAC yo, oswa pou pran tout responsablite oswa asiyasyon PAC. Men, avèk yon lis kominikasyon siplemantè ant lidè PAC yo ak paran yo, pafwa li pi posib pase li ta ka parèt toudabò pou jwenn yon fason pou yon paran endividyèl fè yon kontribisyon. Lidè PAC yo dwe eseye anpil pou satisfè paean yo *kote yo ye a*, olye pou yo sipoze yo lib pou jwe pi gwo wòl yo.

Pa egzanp, eseye amonize enterè ak talan paran yo avèk yon djòb ki bezwen fèt. Moun yo pi kapab sèvi kòm volontè si yo santi yo konpetan nan kòmansman. Separe responsablite yo otank posib an travay ki limite nan tan ki kapab sanble pi fasil pou metrize. Yon moun kapab ede voye anons PAC nan imèl; yon lòt moun kapab pote rafrechisman nan reyinyon an. Yo kapab mete ansanm prezantasyon yon kalandriye ane konplè PAC si se yon volontè ki kontakte chak oratè apa. Lòt paran yo ta kapab kontribiye nan remak enpòtan lè yo patisipe nan yon gwoup imèl PAC.

Pou ede volontè yo vin alèz avèk pi gwo wòl lidèchip, pou ofri opòtinite pou swiv aksyon prezidan PAC oswa pou envite yon paran enterese vin patisipe nan reyinyon prezidan PAC avèk administratè edikasyon espesyal. Sonje pou rekonèt piblikman tout moun ki bay tan yo pou ede PAC.

pwogram yo sou edikasyon espesyal. SPP Massachusetts genyen ladan done debaz, aktivite sib ak aktivite amelyorasyon pou chak endikatè, www.doe.mass.edu/sped/spp.

PAC yo ki toupatou nan eta a itilize reyinyon pou divès kalite objektif ak aktivite. Nòmalmman, manm yo itilize reyinyon yo pou diskite sou enkyetid yo nan nivo lokal. Answit, PAC yo planifye divès kalite aktivite-depi nan envitasyon oratè envite sou sijè edikasyon espesyal, pou mande yon sikològ lekòl pou fè yon ti koze sou tès WISC, pou rive nan sesyon enfòmasyon sou lwa ak règleman.

PAC kapab souvan jwe yon pi wòl avanse pou ede edike paran yo ak kominote lekòl la sou andikap ak sou edikasyon espesyal. Anplis fòmasyon anyèl ki bay nan tèt ansanm avèk distri a sou dwa ak responsablite paran yo oswa gadyen legal yo, oswa elèv ak distri lekòl yo nan pwosesis edikasyon espesyal la, PAC kapab envite oratè ak evènman esponsorize ak fòmasyon ki vize nan lòt sijè enpòtan nan domèn edikasyon espesyal.

D. Fason pou Kominike avèk Paran ki pa Pale Lang Angle

Lè divèsite popilasyon lekòl ap ogmante nan anpil distri, PAC yo te oblije grandi yon fason ki pi dinamik pou eseye jwenn paran ki pa pale lan Angle yo ak ankouraje yo patisipe.

Asistans lan ap gen plis siksè si PAC yo konprann sistèm valè, sitou konsènan patisipasyon nan lekòl yo ak nan edikasyon espesyal, divès gwoup y ap eseye jwenn yo. Efò pou jwenn paran ki pa pale lang Angle ak pou ankouraje yo patisipe ak paran ki sòti nan divès kilti, ap pwokire benefis nan sèlman pou manm PAC yo men tou sa ap genyen yon enpak sou travay PAC ak konsèy li anmezi pou bay distri a.

Pou jwenn yon lis sit wèb ki ofri estrateji detaye sou fason pou asosye avèk divès fanmi, al gade Apandis C.

Pratik Posib pou Kominike avèk Paran ki pa Pale lang Angle

- PAC yo kapab idantifye paran ki bezwen yon entèprèt/tradiktè epi k ap eseye jwenn youn ki prezan nan reyinyon yo, si li posib, pou pèmèt yon paran ki pa pale lang Angle patisipe. PAC yo kapab diskite avèk distri lekòl la sou resous ki disponib yo pou entèprete/tradui nan reyinyon PAC yo oswa aktivite asosye yo.
- PAC yo kapab idantifye manm ki pale lòt lang yo epi ki vle envite oswa ki vle jwenn paran ki pa pale lang Angle yo. Eseye jwenn dokiman PAC ki tradui nan plizyè lang.
- PAC ki gen eksperyans yo rekòmande pou yon premye etap kreye kominikasyon kontini ak diskisyon avèk gwoup y ap eseye jwenn yo, pètèt pou rekrite èd anlwaye oswa lekòl la oswa moun k ap viv nan kominote a. Moun sa yo kapab fasilite dyalog ak ofri PAC estrateji asistans.

E. Fason pou Ede Distri a nan Òganize Fòmasyon Anyèl ki Nesesè

Chak distri lekòl ki nan Massachusetts "dwe fè, nan tèt ansanm avèk komite konsiltatif paran an, omwen yon sesyon enfòmasyon chak ane nan distri lekòl la sou dwa elèv yo ak paran yo ak gadyen legal yo dapre lwa leta ak lwa federal sou edikasyon espesyal," selon règleman leta pou edikasyon espesyal 603 CMR 28.03(1)(a)(4). Nan anpil distri, fòmasyon sa a te vin yon evènman enpòtan moun yo asosye avèk PAC, epitou li ranfòse imaj PAC kòm yon sous enfòmasyon ki enpòtan ak itil pou paran yo. Souvan, yo òganize

fòmasyon sa a nan menm reyinyon PAC la anmenmtan chak ane – ki kapab asire moun yo konnen li, epitou yo kapab planifye pou sa.

Entansyon règleman an endike aklè pou distri a travay avèk PAC pou òganize fòmasyon sa a, epitou pou de (2) pati yo kolabore sou planifikasyon ak aplikasyon li. Si distri a planifye davans, fòmasyon sa a avèk PAC ta dwe adapte nan plan devlopman pwofesyonèl jeneral li pou ane akademik lan.

Yon fason posib pou òganize evènman sa a kapab se fè aranjman pou yon fòmasyon nan kòmansman ane akademik lan ki konsène kontni nesèsè sou dwa paran yo, men tou li sèvi kòm yon “lansman” pou ane PAC. Fòmasyon ta kapab genyen ladan ko-prezantasyon paran yo ak depatman edikasyon espesyal, epitou opòtinite pou PAC ofri enfòmasyon entwodiksyon yo kapab vini apre.

PAC ta dwe ajoute dat ak lè fòmasyon ki pwograme a nan kalandriye PAC li mete disponib pou tout manm li yo, pou piblik jeneral la, ak administratè edikasyon espesyal lekòl la.

IV. APANDIS

Apandis A: Glosè Tèm yo

Chapit 766 – Lwa 1972 Massachusetts (ki rele 71B tou) ki bay garanti pou tout timoun jwenn edikasyon piblik gratis ak apwopriye nan anviwònman ki gen pi piti restriksyon an.

Chapit 71B – Lwa Massachusetts sou edikasyon espesyal, ki rele Chapit 766 tou, <http://www.mass.gov/legis/laws/mgl/gl-71b-toc.htm>.

Revizyon Kouwòdone Pwogram (CPR) – Depatman an itilize Revizyon Kouwòdone Pwogram (CPR) pou fè yon sipèvizyon pou konnen si distri eskolè lokal yo konfòme yo evèk egzijans edikasyon an. Chak distri lekòl ak lekòl endepandan leta apwouve nan Massachusetts pwogram pou resevwa yon CPR chak sis (6) ane ak yon vizit swivi edikasyon espesyal nan mitan sik la twazan apre CPR la, <http://www.doe.mass.edu/pqa/review/cpr/>

ESE Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts, <http://www.doe.mass.edu>

Lwa sou Reyinyon Lib Lwa Massachusetts ki egzije pou yo anonse reyinyon tout antite gouvènman yo 48 èdtan davans, pou yo note reyinyon yo nan kontrandi, epitou pou reyinyon yo lib pou piblik la, <https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleIII/Chapter30A/Section20>

PAC Komite Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal

Lwa Jeneral Lwa a. Nan Massachusetts, se lejislati eta Massachusetts ki pibliye lwa jeneral la.

SPP Plan Pèfòmans Leta Massachusetts. Avèk 20 Endikatè pou mezire pwogrè, Biwo Federal Pwogram Edikasyon Nasyonal egzije pou chak eta pwodui plan pèfòmans anyèl yo ak rapò pèfòmans pwogram yo sou edikasyon espesyal. SPP Massachusetts genyen ladan done debaz, aktivite sib ak aktivite amelyorasyon pou chak endikatè, <http://www.doe.mass.edu/sped/spp>

Sistèm Rezolisyon Pwoblèm – Sistèm Rezolisyon Massachusetts kontwole si distri lekòl lokal yo konfòm avèk egzijans edikasyon an, <http://www.doe.mass.edu/pqa/prs>

Sèvis Asirans Kalite Pwogram (POA) jere Sistèm Rezolisyon Pwoblèm nan onon Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts, <http://www.doe.mass.edu/pqa>

Règleman Ajans eta Massachusetts yo, tankou Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (ESE), devlope, adopte, ak amande règleman yo pou ede tout moun nan aplikasyon lwa jeneral la.

603 CMR 28.00 Règleman edikasyon Massachusetts, www.doe.mass.edu/lawsregs/603cmr28.html

Apandis B: Kesyon Yo Poze Souvan

1. Ki anplwaye distri lekòl ki kapab manm PAC?

Anplwaye distri lekòl, tankou pwofesè ak lòt founisè sèvis yo ak manm komite lekòl la, kapab manm PAC kòm "pati enterese," yo dwe respekte règleman lokal yo; oswa si yo se paran timoun ki gen bezwen espesyal nan distri lekòl la, yo kapab paran manm PAC.

Administratè distri lekòl ki pa paran timoun ki gen bezwen espesyal nan distri lekòl la pa ta dwe manm PAC, paske yo ta ka mete yo nan pozisyon pou yo bay konsèy pou pwòp tèt yo.

2. Èske administratè lekòl yo kapab patisipe nan reyinyon PAC?

Paske reyinyon PAC yo oblije konfòm ak Lwa sou Reyinyon Lib, administratè lekòl yo kapab patisipe nan reyinyon PAC. Nan yon fason ki konfòm ak kolaborasyon, se yon bon pratik pou envite administratè edikasyon espesyal la nan reyinyon PAC.

3. Èske yon komite lekòl oswa yon administratè lekòl kapab kraze yon PAC?

Non. Yon komite lekòl oswa yon administratè lekòl pa kapab kraze yon PAC ki kreye. Distri lekòl la ak PAC jwenn ankourajman pou kolabore pou yo kapab rezoud pwoblèm yo. ESE ak Asosyasyon Komite Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal Massachusetts (MassPAC) kapab bay dokiman ki itil.

4. Kimoun ki kapab vote nan yon Reyinyon PAC?

PAC yo kapab abòde pwoblèm vòt la nan pwòp Règleman Entèn yo. Kèk PAC te jwenn li efikas pou pèmèt tout manm yo vote, alòske yo fè yon vòt sèlman si genyen yon "kòòm pou vote" kote omwen de-tyè manm PAC ki prezan se paran timoun ki gen bezwen espesyal yo. Lòt PAC yo te defini "Manm Jeneral" ak "Manm pou Vote" (al gade egzanp Règleman Entèn yo nan Apandis A).

5. Èske lis tout manm PAC yo se yon dokiman piblik?

Paske yon PAC se yon gwoup konsiltatif pou yon antite piblik (Komite Lekòl la), lis moun ki se manm ofisyèl PAC ki te pran desizyon pou antre ladan se yon dokiman piblik.

6. Èske yon PAC kapab opere yon lis imèl prive (pa egzanp, "LISTSERV") ki pa lib pou patisipasyon anplwaye lekòl la?

Non, tout kominikasyon PAC nan imèl, tankou korespondans elektwonik oswa lis distribisyon, fè pou konfòm ak Lwa sou Dosye Piblik.

7. Èske yon distri lekòl kapab adopte règleman annapre pou defini operasyon yon PAC?

Distri lekòl yo kapab fikse règleman operasyonèl tankou avi pou itilize bilding lekòl yo oswa aksè nan pwogram lekòl yo. Men, wòl yon PAC kapab pa limite nan yon manyè ki pa konsistan avèk règleman leta konsènan PAC yo, oswa avèk gid PAC ESE yo.

8. Èske yon distri lekòl kapab dirije aktivite PAC?

Non. Yon PAC dirije pwòp aktivite li yo nan tèt ansanm ak an kolaborasyon avèk distri lekòl la.

9. Èske yon distri lekòl kapab entèdi aktivite PAC ki pwopoze yo?

Objektif distri lekòl la ak PAC ta dwe annamoni; egzanp yo ta dwe yon ti kantite kote distri lekòl la ta vle entèdi aktivite PAC. Distri lekòl la kapab entèdi aktivite ki pa konfòm avèk pwosedi operasyon distri lekòl oswa avèk règleman yo ak lwa yo.

10. Ki otorite yon distri lekòl kapab genyen konsènan bilten, deklarasyon piblik, korespondans, oswa rapò PAC?

Anjeneral, PAC yo kontwole pwòp piblikasyon ak korespondans yo. Men, yon distri lekòl kapab kreye gid rezonab pou piblikasyon ak korespondans PAC – sètadi, kreye yon tan oswa yon mwayen distribisyon ak entèdi deklarasyon difamatwa. PAC yo jwenn ankourajman pou itilize pwòp papyè antèt yo, epitou PAC yo kapab resevwa repons pou korespondans yo depi yo respekte konfidansyalite kote li anvigè. Paske wòl PAC se pou 'konseye' komite lekòl la, PAC detèmine kontni pwòp rapò li yo pou komite lekòl la."

11. Èske genyen yon pwosesis pou yon PAC eksprime enkyetid konsènan yon desizyon distri lekòl oswa pou fè apèl kont desizyon yon distri lekòl?

Yon PAC ak yon distri lekòl jwenn anpil ankourajman pou rezoud konfli yo ansanm. Kominikasyon lib sou tout pwoblèm enkyetid pou tout pati yo se pi bon apwòch pou rezoud pwoblèm yo. Men, si yon PAC kwè yon distri lekòl pa konfòme li avèk règleman edikasyon espesyal, yon PAC ta dwe konsilte Depatman Edikasyon, epitou li kapab genyen aksè nan Sistèm Rezolisyon Pwoblèm.

Apandis C: Lis Sit Wèb ki Gen pou Wè ak PAC yo ak Patisipasyon Paran yo

Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts / Edikasyon Espesyal

<http://www.doe.mass.edu/sped/>

Asosyasyon Komite Konsiltatif Paran Massachusetts

<http://www.masspac.org/>

Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal

<http://www.fcsn.org/>

Asosyasyon Administratè Edikasyon Espesyal Massachusetts

<http://www.asepage.org/>

Asosyasyon Enspektè Massachusetts

<http://www.massupt.org/>

Asosyasyon Komite Lekòl Massachusetts

<http://www.masc.org/>

Gid Lwa Massachusetts pou Reyinyon Lib

<https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleIII/Chapter30A/Section20>

Divizyon Dosye Piblik Massachusetts

<http://www.sec.state.ma.us/pre/preidx.htm>

Massachusetts Secondary School Administrators' Association, Inc.

<http://www.mssaa.org/>

Massachusetts SPED PACs online (c/o Concord SPED PAC website)

<http://www.concordspedpac.org/Pacs-in-Mass.html>

Sant Nasyonal pou Sistèm Edikatif ki bay Repons sou Plan Kiltirèl (NCCREST)

<http://www.nccrest.org/about.html>

Sant Nasyonal pou Koneksyon Fanmi ak Kominote avèk Lekòl yo

<http://www.sedl.org/connections/>

Kowalisyon Nasyonal pou Patisipasyon Paran yo nan Edikasyon

<http://www.ncpie.org/>

Rezo Nasyonal pou Lekòl an Patenarya

<http://www.csos.jhu.edu/P2000/index.htm>

Pwojè PALMS (Aksè pou Elèv Klas Mwayèn Latino-Ameriken Apre Lekòl Segondè)

<http://www.palmsproject.net/>